

Klase Kat Pwen pa Koulè

Jwè 1-4



Laj 2+




5-10 min


OBJEKTIF

Klase kat pwen yo pa koulè an plizyè seri.


KAT POU UTILIZE




Pwen ki gaye
1-2



De
1-2



Pwen nan yon lòd
espesifik
1-2



10 kare
1-2

VOKABILÈ

Klasman
Menm
Diferan

KESYON


Kisa ou remake de kat sa yo?
Ki sa ki menm?
Ki sa ki diferan?

KÒMAN POU JWE

1. Chwazi epi melanje kat yo.



2. Mete kat yo fas anlè sou yon tab oswa atè a.




Mande, “**Kisa nou remake de kat yo?**” Timoun yo ka remake koulè a, ki jan pwen yo ranje sou kat yo, konbyen pwen ki genyen, oswa yon lòt bagay.

- Lè w pare, ou ka kòmanse jwèt la lè w di, "Ann klase pa koulè. Kat sa a jòn. Kat sa a jòn tou, kidonk m ap mete yo nan menm pil. Koulye a, se tou pa w."
- Youn apre lòt chwazi yon kat, bay non koulè l la, epi matche koulè a ak lòt kat yo ka wè.



- Yon fwa ke tout kat yo klase pa koulè, youn apre lòt konte konbyen kat ki genyen nan chak pil koulè.



- Jwèt la fini lè chak pil fin konte!
- Pou pwolonje jwèt la, retounen tout kat yo nan yon pi gwo pil epi fè timoun yo klase kat yo dapre kantite pwen ki sou chak kat (yon pil kat yon sèl pwen ak yon pil kat de pwen). Apre sa, remèt timoun yo 1 ak 2 kat nimerik yo epi fè yo make chak pil ak nimewo yo.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Jwèt sa a ede timoun yo vin abitye ak Kat Pwen. Pase tan ap pale ak timoun yo sou diferan atribi, oswa karakteristik, yo remake sou kat yo.
- Anpil jèn timoun renmen klase ak òganize koleksyon objè. Pwosesis klasman sa a, se yon pratik enpòtan nan syans ak matematik. Gwoupman objè ak konte konbyen ki genyen nan chak gwoup se konpetans ke timoun yo pral itilize pita lè y ap kolekte ak analize done pou rezoud pwoblèm.

SIJÈ MATEMATIK

Koleksyon Done ak Analiz

Klasman ak Atribi

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Klase Kat Pwen pa Koulè*.